

Vote!

30 Oktòb, 2024

Chè Kamarad Terrapins yo,

Pandan n ap apwoche nan dat eleksyon yo nan jou k ap 5 Novanm nan, nou gen opòtinite pou n patisipe nan youn nan devwa sivik ki pi enpòtan nou yo pandan n ap eksprime vòt nou pou kandida yo ak koz nou chak ap sipòte.

Plizyè moun nan kanpis kominotè nou an pral vote pou premye fwa, konsa yo pral rejwenn yon tradisyon pisan pou fòmè politik ak dirijan ki pral gen enpak sou avni nou.

Ak vòt antisipe yo k ap fini demen nan Maryland lan, nan dat 31 Oktòb la, li enpòtan pou w jwenn [enfòmasyon sou biwo vòt ou a](#) epi pou w fè yon plan pou w vote, si w pa t deja fè sa. Kò etidyan nou an toujou mobilize nan biwo vòt yo, jis yo rive depase lòt yo ak 84% nan etidyan ki enskri nan UMD ki vote pandan eleksyon 2020 yo. Ane sa a, an n ale pi lwen toujou.


Kit ou chwazi pou w vote nan preyòd vòt antisipe a oswa nan jou eleksyon an nan lè 7è nan maten jiska 8è nan apre midi, ou ka jwenn resous pou gide w nan pwosesis la nan [Plafòm Elektoral 2024](#) nou an. Pou bilten vòt atravè lapòs nan Maryland yo, ou ka fè yon demann anliy nan lè 11:59 nan apre midi nan jou Vandredi k ap 1mye Novanm nan pou resevwa epi enprime bilten ou a atravè imèl.

Terps, nou ankouraje chak grenn nan nou pou nou pwofite moman sa a, pandan n ap rekonèt pouvwa ak privilèj vote a reprezante. Nan menm moman an, pa ezite preyorize byennèt nou, epi konekte ak plizyè resous byennèt UMD yo, paske

evènman mondyal yo ka afekte chak grenn nan nou yon fason ki diferan.

Sonje, vote se eksprime vwa w, epi tanpri rejwenn nou pandan n ap devlope yon plan pou vote depi jodi a!

Lizay,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name being the most prominent.

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland

Li (Pwonon Maskilen)

A handwritten signature in black ink that reads "Jennifer King Rice". The signature is fluid and cursive, with the first name being the most prominent.

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal ak Rektris

Li (Pwonon feminen)